



Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO PWOJÈ POU NEW ROCHELLE NAN KAD PRIM 10 MILYON DOLA INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Gen sis pwojè revitalizasyon anba lavil ki pral ranfòse devlopman kominote a, amelyore enfrastrikti an epi revitalize ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sis gwo pwojè pou New Rochelle nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Investisman estratejik sa yo anba lavil New Rochelle pral kontinye amelyore pwen fò kominote a epi mete aksan sou yo, sa gen ladan aksesibilite nan rejyon an, lèza ak kilti vivan, ak Zòn Sipèpozisyon Anba Lavil la (Downtown Overlay Zone), ki katalize senk nouvo devlopman prive nan Zòn DRI la depi 2015. Investisman yo fè pati efò Gouvènè a kontinye ap fè pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite pou rejyon Mid-Hudson Valley a.

"Avèk èd Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, New Rochelle pral akonpli plis devlopman katye, pi bon espas kominotè, ak nouvo opòtinite pou edikasyon ak avansman mendèv la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman sible sa yo pral kontinye amelyore kilti dinamik vil la ak anviwònman pwofesyonèl ak rezidansyèl li yo ki makonnen ansanm."

"New Rochelle gen yon sèn atistik ak kiltirèl vivan, epi vil la ap travay pou transfòme katye sid li yo pou fè li pi fasil pou mache ak antre nan distrik anba lavil li an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons jodi a, te deklare.** "Investisman nan pwojè sa yo pral amelyore kalite sèvis transpò a, epi konsa relye anba lavil la avèk Koridò Lincoln Avenue an, ofri rezidan yo nouvo opòtinite rekreatif, epi amelyore kalite lavi a. Nou konsantre sou revitalize rejyon Mid-Hudson lan gras a yon soutyen estratejik pou kwasans ekonomik la k ap kontinye atire biznis epi ranfòse ekonomi an pou plizyè jenerasyon."

Yo te nonmen New Rochelle yon [gayan 3yèm Tou DRI \(DRI Round 3\)](#) an Septanm 2018. New Rochelle pral relye sant vil pwospè k ap evolye li an avèk Koridò Lincoln Avenue an ki mezire 1.6 kilomèt epi ki gen lojman rezidansyèl pou revni miks, yon lopital ki fèk renove, espas vèt, yon Ga Tren Metro-North, ak yon pati nan Distrik Atistik ak Kiltirèl (Arts and Cultural District) vil la. Plan Investisman Estratejik (Strategic Investment Plan) Anba Lavil New Rochelle la pral apiye sou gwo investisman piblik-prive ki fèt pandan kèk lane ki sot pase yo pou pouse devlopman komèsyal, rezidansyèl, ak pou izaj miltip nan vil la. Investisman DRI yo pral eksplwate resous vil la pou fòje lyen ant katye rezidansyèl yo nan pòsyon nò koridò a ak resous komèsyal, enstitisyonèl, ak kiltirèl yo nan sid la. Vil la anvizaje amelyorasyon nan enfrastrikti yo ki pral amelyore sikilasyon pyeton ak machin epi elaji konsepsyon dirab anba lavil la kote

li fasil pou mache epi ki oryante sou transpò piblik rive nan koridò sa a pou kreye yon anviwònman plen aktivite pou rete ak travay.

Pwojè presi yo ki pral resevwa finansman nan kad DRI la se:

Enstale Komodite Konplè nan Lari yo ak Mezi pou Apezman Sikilasyon an nan Koridò Lincoln Avenue an: Amelyore aksesibilite, aparans, ak sekirite nan koridò Lincoln Avenue an pou moun k ap deplase apye, sou bekàn, oswa nan machin gras a amelyorasyon sikilasyon konplèman ant Webster Avenue ak North Avenue. Amelyorasyon yo gen dwa gen ladan yo nouvo oswa pi bon pasaj pou pyeton, ranp pou pyeton, twotwa avanse, mezi pou apezman sikilasyon, panno, yon vwa pou bekàn, pasaj pou bekàn, eliminasyon pakin nan kafou pi enpòtan yo, jeyometri wout revize, rekonsiderasyon limit vitès yo, epi nouvo arè otobis ak deplasman arè otobis.

Revize Zonay lan pou Ankouraje Devlopman nan Echèl Katye a: Etabli yon nouvo distrik zòn sipèpoze nan zòn Koridò Lincoln Avenue an pou ankouraje yon pi gran melanj izaj komèsyal ak rezidansyèl ak yon konsepsyon vil ki adapte pou pyeton. Inisyativ sa a pral gen ladan etid planifikasyon sou sa, egzamen anviwònman obligatwa, ak yon pwosesis djanm pou angajman piblik la.

The Linc: Transfòme Memorial Highway an yon Espas Piblik Ouvè: Retire ak transfòme pòsyon NYS Route 5 lan ki pral nan direksyon lès la pou l vin tounen yon espas piblik ouvè, sa k ap ofri rezidan yo opòtinite lwazi epi poze fondasyon pou devlopman sant lwazi yo pwopoze a. Yo pral itilize finansman DRI lan pou peye pou baraj, panno siyalizasyon, makaj, ak pou yo retire asfalt ak beton.

Kreye yon Teyat Eksperimantal ak yon Sant Edikasyon Atistik: Etabli yon nouvo espas espektak al lèza kominotè nan dezyèm etaj yon ansyen sinema istorik yo redevlope nan 587 Main Street pou ofri pwogram kiltirèl pou rezidan yo, atire vizitè anba lavil la, epi sèvi kòm yon soutyen kiltirèl sou Main Street New Rochelle la. Pwojè a pral gen ladan amenajman enteryè pou akomode komodite tankou yon sal teyat, yon espas ekspozisyon, ak yon kafe-restoran.

Modènize Lincoln Park avèk Twalèt Piblik: Konstwi yon twalèt piblik sou kote kyòs pisin Lincoln Park la pou sèvi itilizatè ekipman jwèt ak teren baskètbòl yo fèk enstale yo, epi pou soutni egzekisyon Plan Direktè Lincoln Park la (Lincoln Park Master Plan).

Enstale Komodite nan yon Pak yo kreye pou sèvi yon Nouvo Lotisman Lojman Bon Mache: Enstale komodite nan yon pak ki an devlopman nan kafou Winthrop Avenue ak Brook Street pou ofri rezidan nouvo lotisman lojman bon mache 288 apatman ki sou kote a ak kominote a an jeneral yon espas san danje, atiran, ak aksesib pou rasanbleman ak detant. Kòm egzantp komodite gen yon teren jwèt, yon teren baskètbòl, yon zòn tab jwèt, gazon, pyebwa k ap bay lonbraj, ban, ak limyè.

New Rochelle te devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba vil li a gras a 300,000 dola nan fon planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati ki konsène yo te dirije efò a, avèk sipò yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman

Estratejik pou anba lavil New Rochelle lan te egzamine resous ak opòtinite lokal yo, epi li te idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye.

Pwojè DRI yo se dènye egzanp ki montre angajman Gouvènè Cuomo kontinye pran nan New Rochelle ak rejyon Mid-Hudson Valley la.

Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Gras a Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, New Rochelle pral tire anpil avantaj nan investisman sible sa yo. Pwojè DRI yo idantifye yo pral fè vil la vin pi atiran pou nouvo rezidan, vizitè ak biznis, epi sèvi kòm yon lòt destinasyon moun p ap vle rate nan Konte Westchester".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se egzanp angajman Eta New York la nan nan favorize ni nouvo djòb ni kominote yo ki soutni yo epi mwen pa ka tann pou m wè investisman estratejik sa yo kontribye nan transfòmasyon vil la, gras a konstriksyon enfrastrikti, enstalasyon kiltirèl ak espas piblik".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, "Gouvènè Cuomo konprann chak vil, minisipalite ak vilaj nan New York gen difikilte ak atou san parèy. Nan New Rochelle, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap investi 10 milyon dola pou pwojè kominote a idantifye k ap ogmante aksè a lojman bon mache, amelyore enfrastrikti an epi kontinye devlopman ekonomik la. Nan rejyon Mid-Hudson lan, Gouvènè a investi 895 milyon dola pandan uit lane ki sot pase yo pou kreye oswa prezève lojman bon mache pou prèske 30,000 rezidan. Gras a Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, n ap bati yon avni pi solid ak pi bon pou New Rochelle ak tout rejyon Mid-Hudson lan".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Pwojè sa yo pral transfòme Vil New Rochelle. Koneksyon sant vil la avèk Koridò Lincoln Avenue an pral yon avantaj enpòtan pou rezidan yo ak biznis yo anplis investisman ki fèt yo nan Zòn Sipèpozisyon Anba Lavil vil la, lèza lokal yo ak enfrastrikti an. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pwouve kominote yo kapab etabli sant iben solid gras a opinyon moun ki rete la yo ak kwasans ekonomik entelijan".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Vil New Rochelle fè gran pwogrè ekonomik pou reyalize potansyèl ekonomik li epi li nan bon pozisyon pou tire avantaj Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Pwojè sa yo pral anplifye atou ak pwèn fò anba lavil la yo, yo pral atire plis investisman epi pote menm plis vizitè, biznis ak rezidan nan kominote nou an".

Manm Asanble Steven Otis te deklare, "Nan New Rochelle nou fyè anpil benefisye yon bèl sibvansyon konsa pou kòmanse mennen vil nou an nan 21yèm Syèk la. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a kontinye ap pote investisman ak devlopman anba lavil nou yo pou jenerasyon prezan ak fiti yo kapab jwi".

Donald Christian, Ko-Prezidan Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan (Mid-Hudson Regional Economic Development Council) ak Prezidan SUNY New Paltz, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ankouraje kwasans ekonomik ak kreyasyon djòb toupatou nan rejyon Mid-Hudson lan, epi mwen kontan wè New Rochelle tire avantaj kòm dènye benefisyè finansman DRI la. Envestisman divès sa yo pral amelyore atou ekonomik ak kiltirèl vil la, epi favorize yon ekonomi rejyonal pi solid".

George Latimer, Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Se yon bèl jou pou New Rochelle kote nou wè pwojè enpòtan pou vil la pral resevwa finansman. Sa pral mennen plis envestisman nan kominote a epi revigore fyète nan kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan dèske yo pran devan pou fè New Rochelle antre nan yon nouvo peryòd".

Majistra New Rochelle la Noam Bramson te di, "Pwojè sa yo ki gen finansman DRI la pral fòje lyen fizik, ekonomik ak sosyal pi solid ant anba lavil nou an k ap boujonnen ak koridò Lincoln Avenue an, ofri yon envestisman istorik k ap pote transfòmasyon nan enfrastrikti, espas ouvè, ak fasilite deplasman, amelyore sekirite piblik, epi ede tout moun nan New Rochelle benefisye kwasans a pwosperite yo tout ansanm. Gras a soutyen finansye inestimab Eta a, n ap fè vizyon sa a ki gen kominote a kòm gid vin yon reyalite, epi mwen pa ta ka pi rekonesan ni pi anchante".

Pou plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou: www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)